



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON NAN LIY
TRANSMISYON CHAMPLAIN HUDSON POWER EXPRESS LA KI MEZIRE 545 KM
POU POTE ENÈJI PWÒP NAN VIL NEW YORK**

***Gwo Akò Travay Pwojè Egzekite ak Metye Batiman ak Konstriksyon Eta New York
pou Asire ke se Travayè Sendika yo ki Konstwi Liy lan***

***Devlopman nan Enfrastrikti yo Prewa Pote 3.5 Milya Dola nan Avantaj Ekonomik
pou Nouyòkè yo epi Kreye Prèske 1,400 Djòb ki Kapab Soutni Fanmi***

***Akselere Pwogrè pou Atenn Objektif New York la pou Rive nan 70 Pousan
Elektrisite nan Tout Eta a ki Soti nan Sous Renouvlab yo Disi 2030, sou Wout pou
yon Rezo Zewo Emisyon***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te selebre kòmansman konstriksyon liy transmisyon Champlain Hudson Power Express (CHPE) la ki mezire 545 km, ke Transmission Developers Inc ap devlope, pou distribiye enèji pwòp ki fyab ki soti nan Hydro-Québec nan Kanada dirèkteman nan Vil New York. Konstriksyon pwojè enfrastrikti vèt sa a, ki kòmanse apre egzekisyon yon gwo akò travay sendika ant pwomotè a ak Metye Batiman ak Konstriksyon Eta New York (New York State Building and Construction Trades, prewva pote 3.5 milya dola nan avantaj ekonomik pou Nouyòkè yo pandan y ap kreye prèske 1,400 travay sendika ki soutni fanmi pandan konstriksyon an. Anons jodi a akselere pwogrè pou atenn objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) New York la pou rive nan 70 pousan elektrisite nan tout eta a ki soti nan sous renouvlab yo dis 2030, sou wout pou yon rezo zewo emisyon

"Pandan konstriksyon pwojè sa a ap kòmanse pou ede distribiye enèji pwòp nan Vil New York, eta nou an ap bay yon lòt egzanzp ak kisa aksyon klimatik la sanble", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Liy transmisyon Champlain Hudson Power Express la se yon etap monimantal pou pwoteje anviwònman nou an ak kreye djòb vèt ki kapab soutni fanmi yo nan alafwa nò ak nan sid New York. An patenarya ak travayè sendika yo, pwojè enfrastrikti vèt sa a pral pote plizyè milya dola nan avantaj ekonomik nan eta nou an epi li pral prepare wout pou yon lè ki pi pwòp ak yon avni ki pi an sante pou tout Nouyòkè yo."

Sekretè Enèji Etazini an, Jennifer M. Granholm, te deklare, "Champlain Hudson Power Express la se yon egzanp pwisan nan enfrastrikti ke Prezidan Biden ak Gouvènè Hochul pran angajman pou pote nan New York ak nan Etazini. Pwojè a prevwa bay kouran pwòp, abòdab, ak fyab pandan y ap kreye travay sendika ki byen peye."

Champlain Hudson Power Express se premye nan de pwojè istorik ki kòmanse konstriksyon nan kad premye pwogram enèji renouvlab ak transmisyon Eta a, ke yo rele [Tier 4 \(Nivo 4\)](#), ke Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap administre. Pwogram nan vize pou bay yon ogmantasyon siyifikatif nan enèji renouvlab nan Vil New York, yon zòn nan eta a ki depann sou pwoduikssyon ki aje ki alimante ak gaz fosil ki chita lajman nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo, ki eksperimante pwoblèm kalite lè ki pi enpòtan ak enpak sou sante emisyon gaz fosil yo, epi li gen yon bezwen enpòtan pou fyabilite ak rezistans rezo amelyore. Yon fwa yo fini, Champlain Hudson Power Express pral distribite 1,250 megawat idwo-elektrisite pwòp, sa ki ase pou alimante plis pase yon milyon kay, epi li pral redwi emisyon kabòn a 37 milyon tòn metrik nan tout eta a, ki egal ak si yo te retire plis pase demi milyon machin sou wout la chak ane. Yo prevwa pou konstriksyon an fini konplètman nan sezon prentan 2026.

Etape sa a vini apre Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York la [te apwouve](#) premye Plan Jesyon Anviwònman ak Konstriksyon pwojè a pou yon twonson 28 km wout transmisyon ant Putnam ak Whitehall. Etap inisyal aktivite konstriksyon yo, ki gen ladan preparasyon sit ak konstriksyon yon lakou depo, pral kòmanse nan Konte Washington, toupre Whitehall, epi yo prevwa l ap kontinye jiska Novanm 2024. Ou ka jwenn yon kat jwografik liy transmisyon an [isit la](#).

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji ak Koprezidan Konsèy sou Klima Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Ak konstriksyon ki kòmanse nan pwojè Champlain Hudson Power Express la, n ap ede solidifye tranzisyon New York pou kite konbistib fosil yo epi montre nasyon an kijan patenarya estratejik prive-piblik ka ede nou abòde kèk nan defi enèjetik ki pi difisil nou yo. Kòm premye nan de devlopman transmisyon istorik ki pral kòmanse, Champlain Hudson Power Express ap ede inogire rezo alavni an - tout pandan ke New York ap kontinye konstwi tiyo enèji renouvlab piblik ki pi solid nan nasyon an ki pral alimante kay ak biznis pou anpil ane kap vini yo."

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la Rory M. Christian te deklare, "Mwen aplodi angajman Gouvènè Hochul pran pou devlope pwojè tankou Champlain Hudson ki ranfòse kolòn vètebral sistèm enèji nou an. Anplis ede asire yon avni enèji pwòp, pwojè tankou sa yo ap ranfòse sekirite ak fyabilite nan sistèm transmisyon an. Konsa, Champlain Hudson pral jwe yon wòl kle nan plan konplè nou an pou modènize sistèm transmisyon eta nou an pou li distribiye enèji pwòp pou tout Nouyòkè yo, pandan l ap avanse objektif klimatik nou yo ak kreye djòb enèji pwòp yo."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon sou Klima a, Basil Seggos, te deklare, "Felisitasyon pou Gouvènè

Hochul ak patnè yo dèske yo kontinye akselere tranzisyon New York nan yon avni ki pi vèt ak etap enpòtan nan enèji pwòp ki entèresan sa a. Liy transmisyon an se dènye nan yon seri investisman jenerasyonèl enpòtan pou avanse teknoloji enèji renouvlab tankou enèji ewolyèn, solè, ak idwo-elektrik ki pral ede nou atenn objektif klima anbisye nou yo pandan y ap sipòte travay lokal yo epi ede distribiye enèji pwòp bay konsomatè yo atravè Eta New York."

Komisè Depatman Travay Eta New York la ak Manm Konsèy Aksyon Klimatik la, Roberta Reardon, te deklare, "Travay sendikal kontinye jwe yon wòl enpòtan nan tranzisyon enèji pwòp nou an. Pwojè Champlain Hudson Power Express la pral kreye djòb sendika yo, alimante plis pase yon milyon kay, epi kenbe lidèchip Eta New York nan sektè enèji pwòp la."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Avni enèji pwòp ak renouvlab la ap fèt kounye a nan Empire State la gras ak lidèchip solid Gouvènè Hochul, k ap kreye nouvo opòtinite travay entèresan epi asire yon avni dirab pou tout Nouyòkè yo. Nou tout gen yon wòl pou jwe nan kad sou Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè New York la, e pwojè sa a se yon pwojè ki anbisye menm jan li reyalizab. Sa ki enpòtan, li pral ede eta nou an atenn objektif klima nou an ki etabli nan lwa a epi pote yon ekonomi enèji vèt ki pral sèvi anpil jenerasyon."

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Pwojè Champlain Hudson lan pral pote yon nouvo epòk enèji pwòp ki fyab ak dirab pou Nouyòkè yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou vizyon li pou pote pwojè tankou Champlain Hudson nan New York ki pral modènize sistèm enèji yo nan Eta a epi pote travay enèji pwòp pou Nouyòkè yo, pou jenerasyon prezan ak jenerasyon k ap vini yo, pandan y ap ofri yon nouvo vizyon sou livrezon enèji ki respekte anviwònman an epi ki avanse nan eta nou an."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Liy transmisyon Champlain Hudson Power Express la pral ede avanse objektif anbisye enèji pwòp Gouvènè Hochul pou Eta New York la, pandan li ap kreye tou prèske 1,400 djòb pou Nouyòkè yo. Liy transmisyon an gen 545 km nan longè, men 3.5 milya dola nan avantaj ekonomik li reprezante yo ale pi lwen an tèm enèji renouvlab ak avni dirab New York la."

Asire pwojè a bay bon jan kalite travay ki soutni fanmi pou Nouyòkè yo, kontraktè Champlain Hudson Power Express yo, Kiewit, NKT, ak Hitachi ap egzekite akò travay pwojè ak sendika nan metye elektrik ak batiman pou konstriksyon liy lan pa travayè sendika yo. Kouvri plis pase 15 chapit sendika lokal diferan atravè 22 disiplin komèsyal separe, akò travay pwojè yo prevwa pou totalize plis pase twa milyon èdtan travay konbine. Nan mwa oktòb, sendika yo ak ekip pwojè Champlain Hudson Power Express te dakò ak premye PLA a, ki reflekte prèske de milyon nan èdtan travay travayè sa yo ak travay yo prevwa k ap kòmanse nan fen 2022. Pami metye k ap patisipe nan pati anba tè ki mezire 23 km nan nò eta a nan pwojè a genyen Enjenyè Operasyon, Travayè ak Kondiktè Ekip yo. Pandan konstriksyon pwojè a, kontraktè yo pran angajman pou yo fè

efò pou anplwaye Antrepriz Biznis ke Fanm ak Minorite yo Posede (Minority- and Women-Owned Business Enterprises, MWBE) epi itilize ak Biznis ki Gen kòm Pwopriyetè Veteran ki Andikape nan kad Sèvis (Service-Disabled Veteran-Owned Businesses) yo ki gen ladan efò konsantre pou enkli manm kominote defavorize yo nan mendèv la nan tout zòn pwojè yo. Yo prevwa ke lòt akò travay pwojè pral egzekite nan mwa k ap vini yo pou pòsyon soumaren liy transmisyon an, ansanm ak konstriksyon estasyon konvèsyon Champlain Hudson Power Express la nan Astoria, Queens.

Champlain Hudson Power Express kontinye fè reyinyon angajman moun ki gen enterè yo ak kominotè a pou enfòmè piblik la sou konstriksyon ak aktivite operasyon li yo. Pandan pwojè a ap pwogrese, Champlain Hudson Power Express pral travay avèk sendika yo ak pwogram fòmasyon pou ankouraje opòtinite fòmasyon ak aprantisaj pou travayè yo nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo. Anplis efò sa yo, yo deja etabli Fon Ekonomi Vèt Champlain Hudson Power Express (Champlain Hudson Power Express Green Economy Fund) la pou bay 40 milyon dola pou pwogram fòmasyon endistri klimatik, ki fèt pou ankouraje davantaj nouvo opòtinite karyè pou kominote lokal yo ak kominote ki pa jwenn ase sèvis yo sou wout ki te planifye a ak yon konsantrasyon sou devlopman konpetans pou reyisi nan ekonomi vèt k ap evolye a. Opòtinite pou travay segondè ki vin disponib kòm rezilta dirèk pwojè sa a pral pibliye [sou sit entènèt](#) Champlain Hudson Power Express la epi ankouraje atravè patenarya ak lidè kominote lokal yo ak òganizasyon sivik yo.

Direktè Egzekitif Jeneral Hydro-Québec la, Sophie Brochu, te deklare, "Nouvo liy transmisyon sa a ki konekte pi gwo pwodiktè enèji renouvlab pwòp yo nan Amerik Dinò ak Vil New York pral chanje peyizaj enèjetik nan tout rejyon nou an. CHPE a se, nan yon fason, yon kanal pou anpil bagay ki gen sans - gwo volim idwo-elektrisite pou alimante kay ak biznis yo yon fason fyab san yo pa boule konbistib fosil pou fè sa; yon apwòch investisman kominotè ki chita sou prensip jistis sosyal ak nouvo patenarya ak kominote endijèn yo, tankou zanmi Mohawk nou yo ki soti nan Kahnawà:ke, ki la avèk nou jodi a. Dekarbonizasyon se objektif komen nou, epi nou gen entansyon kontinye vin alye w, bay New York enèji ki bon pou klima pou plizyè deseni k ap vini yo."

Direktè Egzekitif Jeneral Transmission Developers la, Donald Jessome, te deklare, "Sa a se yon moman ki gen plis pase yon deseni nan konsepsyon, pandan n ap kòmanse ofisyèlman konstriksyon yon pwojè k ap pote transfòmasyon ki pral jwe yon gwo wòl nan ede New York reyalize objektif anbisyè enèji renouvlab li yo. Atenn inogirasyon CHPE a se akimilasyon efò san pran souf anpil moun ki te kwè nan pwojè sa a pandan ane yo, soti nan ofisyèl piblik yo, rive nan patnè kominotè yo, òganizasyon biznis yo, sendika travayè yo ak gwoup anviwonmantal yo, ke yo tout te fè kontribisyon enpòtan nan pwosesis sa a, ki montre kijan pou fè inisyativ enèji konplèks a gran echèlyon vin yon reyalite. Nou pa ka tann pounou kontinye travay di nou pou remèt pwojè transmisyon enèji pwòp sa a ak gwo avantaj li yo bay New York."

Ohénton :iente ne Ratitsénhaienhs Kahsennenhawe Sky-Deer, te deklare, "Kanién'kehá:ka (Mohawks) nan Kahnawà:ke gen yon gwo atachman pèsone ak vil New York, kòm jenerasyon travayè fewonye ki soti nan chak kominote Kanién'kehá:ka

te ede bati plizyè bilding ak pon ki fòm orizon vil la. Kounye a, kòm yon patnè ak Hydro-Quebec, nou ap distribye enèji pwòp ak renouvlab nan vil la. Sa a egal ak ekipman elektrisite pou alimante yon milyon kay, diminye emisyon kabòn danjere ak amelyore kalite lè a. Antanke pèp Kanien'kehá:ka, nou toujou sonje sèt jenerasyon k ap vini - patenarya sa a solidifye efò anvè yon anviwonman ki pi pwòp, pandan y ap kreye plis opòtinite pou Kahnawà:ke egzekite responsablite nou antanke jeran anviwonman an."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Greater New York, te deklare, "Si New York vle kenbe lidèchip li nan enfrastruktir vèt, li enpòtan pou nou ka kontinye envesti nan devlopman ki non sèlman dirije inisyativ sa yo, men tou kreye travay sendika ki byen peye nan pwosesis la. Inogirasyon jodi a reprezante kòmansman yon lòt pwojè enfrastruktir ki pral ajè kòm yon estimilan pou ekonomi New York la ak akonplisman objektif enèji pwòp nou yo. Nou pa ka tann pou nou travay avèk CHPE ak Eta a pou bay komèsan ak komèsant sendika ki kalifye ki pral konplete pwojè sa a yon fason efikas tout pandan y ap gen opòtinite pou pouswiv yon karyè klas mwayèn ak avantaj."

Sekretè-Trezorye Jeneral ak Manadjè Rejyonal New England, Sendika Entènasyonal Travayè yo nan Amerik Dinò (Laborers' International Union of North America), te deklare, "Se bèl bagay pou w wè Champlain Hudson Power Express ap kòmanse - yon pwojè ki pral transfòm rezèv enèji pwòp nan Vil New York pandan y ap pran angajman pou itilize plizyè milyon èdtan travay sendika. Nan non plis pase 500,000 manm nou yo, Mwen felisite Eta New York ak ekip CHPE a sou etap enpòtan jodi a."

Prezidan Konferans Enjenyè Operasyon Eta New York (New York State Conference of Operating Engineers) la, Thomas A. Callahan, te deklare, "Sendika Entènasyonal Enjenyè Operasyon an fyè dèske l ap travay sou pwojè ki pote transfòmasyon sa a. Champlain Hudson Power Express se yon pwojè enèji inik ki pral kreye gwo enpak ekonomik nan tout Eta New York ak odela. Li pral kreye plizyè santèn bon travay sendika ki pral ede travayè lokal yo sipòte fanmi yo. Felisasyon pou inogirasyon jodi a anvè Gouvènè a ak tout ajans ak òganizasyon ki responsab pou fè pwojè enpòtan sa a avanse pou pi devan!"

Champlain Hudson Power Express pral bay 73 minisipalite ak 59 distri lekòl nan tout Eta New York yon bourad ekonomik ak yon ogmantasyon nan revni fiskal siplemantè ki se 1.4 milya dola nan finansman pou kominote lokal yo pandan premye 25 ane pwojè a. Nan semèn kap vini yo, Champlain Hudson Power Express pral kòmanse dekese finansman prèske 30 milyon dola, ki gen ladan:

- 12 milyon pou ajans devlopman endistriyèl yo nan konte yo ki gen liy transmisyon an

- Premye 12 milyon dola atravè Fon Fidisyè Anviwònmanal (Environmental Trust Fund) li a ki evalye a 117 milyon dola pou finanse pwojè ki amelyore vwa navigab koridò lès New York yo.
- Premye 2.5 milyon dola pou lanse 40 milyon dola Fon Ekonomi Vèt la pou sipòte devlopman mendèv ak inisyativ fòmasyon nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo
- 2 milyon dola pou sipòte konstriksyon Randall's Island Nature Center ak laboratwa/pwogramasyon STEM Queens Variety Boys and Girls Club la.

Komisyon Sèvis Piblik la [te apwouve](#) kontra Champlain Hudson Power Express ak Clean Path NY la nan mwa avril 2022 a, sa ki fè yo pi gwo devlopman enfastrikti transmisyon nan Eta New York nan 50 dènye ane yo. Ansanm, pwojè sa yo kapab jenere 18 milyon megawat-èdtan enèji pwòp pa ane, oswa plis pase yon tyè nan konsomasyon elektrik anyèl Vil New York, pandan y ap bay jiska 5.8 milya nan avantaj sosyal nèt nan tout eta a, enkli rediksyon ki gaz lakòz efè sè ak amelyorasyon kalite lè a ak 10,000 djòb ki kapab soutni fanmi nan tout eta a ak 8.2 milya dola nan envèstisman devlopman ekonomik, enkli nan kominote defavorize yo.

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Sa a se yon jou istorik nan mobilizasyon vil la ak eta a kont chanjman klimatik la ak yon viktwa prensipal nan nasyon an pou jistis anviwònmanal. Mwen aplodi Komisyon an, NYSERDA, ak Gouvènè Hochul paske yo te pran mezi solid pou mete fen nan aksè ak enèji renouvlab ki gen disparite a ki te ravaje vil nou an depi twò lontan. Finisman liy transmisyon Champlain Hudson Power Express la pral pèmèt fèmti kèk nan pi ansyen ak izin elektrik ki pi polye nan eta a, ki sitiye tou pre kominote kote rezidan yo soufri maladi respiratwa ak kadyovaskilè yon fason ki pa pwopòsyonè. Pwojè sa a se yon gwo envestisman tou nan ekonomi vèt la, avèk kreyasyon travay sendika ki kapab soutni fanmi li yo, ki pral ede kreye yon Vil New York ki pi an sante, pi ekitab ak pi dirab."

Administratè Konte Washington Ian, Melissa Fitch, te deklare, "Pwojè CHPE la se yon opòtinite fòmidad pou Konte Washington epi efè li yo pral sètènman benefisye rezidan nou yo pou ane k ap vini yo!"

Majistra Vilaj Whitehall la, Julie Egan, te deklare, "Mwen fyè e mwen kontan paske Whitehall pral fè pati pwojè sa a pou ogmante itilizasyon enèji renouvlab nan Eta New York. Mwen rekonesan tou ekonomi Vilaj Whitehall la pral benefik pou ane k ap vini yo. Faz konstriksyon an pral ofri travay lokal isit la nan Konte Washington ak yon bourad nan biznis lokal yo. Alontèm rezidan, etidyan, ak kontribiyab nou yo pral benefisye pou ane k ap vini yo gras ak fon PILOT ke yo prevwa yo. Pwojè sa a se yon sitiyo gányan gányan epi Whitehall fyè dèske li fè pati li."

Prezidan Lig Konsèvasyon Elektè New York (New York League of Conservation Voters), Julie Tighe, te deklare, "Idwo-elektrisite se yon sous prensipal nan pòtffèy enèji New York la depi nou te peofite kouran Niagara Falls sa gen plis pase yon syèk. Lig Konsèvasyon Elektè New York la bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li kontinye gwo tradisyon sa a ak konstriksyon Liy Transmisyon Champlain Hudson Power Express

la Livre enèji pwòp nan distans 482 km nan Vil New York—epi bay 1,400 djòb sendika nan pwosesis la—se yon gwo eksplwa Empire State ke nou tout ta dwe fyè de li."

Direktris Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwonman (Citizens Campaign for the Environment), Adrienne Esposito, te deklare, "Li enteresan pou tranzisyon nou an soti nan konbistib fosil sal yo pou ale nan enèji renouvlab pwòp non sèlman pral netwaye lè nou an epi konbat chanjman klimatik yo, men tou ede galvanize ekonomi nou an. Tranzisyon enpòtan sa a mande pou nou kiltive fòs travay nou an yon fason ki fè avanse objektif enèji pwòp nou yo epi ki leve Nouyòkè k ap travay di yo ak travay sendika ki byen peye. Nan New York, n ap fè enèji pwòp ak gwo travay vin yon reyalite."

Prezidan REBNY, James Whelan, te deklare, "Avèk inogirasyon sa a New York nan yon etap pi pre yon anviwonman ki bati pwòp epi ki pi dirab ki pral gen anpil avantaj nan tout ekonomi nou an ak nan sante piblik la. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou lidèchip yo sou pwojè sa a ak efò kontinyèl yo pou atenn objektif Lwa sou Klima Eta a."

Prezidan Ajans Devlopman Endistriyèl Warren-Washington lan, Dave O'Brien, te deklare, "Liy transmisyon CHPE ap konstwi a pral pote yon avantaj sibstansyèl pou Konte Washington pandan trant ane k ap vini yo. Non sèlman pral gen yon avantaj nan konstriksyon ak acha materyèl ak sèvis sèlman, pral gen 283 milyon dola nan pake avantaj ak PILOTS ke yo peye nan vilaj yo, vil yo, distri lekòl yo, ak konte a k ap pèmèt jiridiksyon yo fè anpil gwo mizajou ak amelyorasyon ki nesèsè anpil nan lekòl yo, wout yo ak enstalasyon piblik yo."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 165,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2021, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite

enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418